# KALANDRIYE
# Patisipasyon Fanmi

Yon Ane
Konplè pou Konsèy
Aprantisaj Chak
Mwa pou Tout
Fanmi an



- Kominikasyon avèk Pitit Ou
- Èd nan Devwadmezon
- Li pou Aprann
- Ede Pitit Ou Reyisi nan Lekòl
- Anrichi Vokabilè Pitit Ou a
- Teknik pou Matematik

ak plis ankò!

Out 2021
jiska
Jiyè 2022


Depatman Edikasyon Miltikiltirèl
MULTICULTURAL Education
Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

Telefòn: (561) 434-8620


THE SCHOOL DISTRICT PALM BEACH COUNTY — REACH FOR EXCELLENCE

Angaje, Motive, ak Ankouraje
PATISIPASYON FANMI

MULTICULTURAL Education

# YON MESAJ DIREKTÈ A

Chè fanmi Elèv k ap aprann Anglè:

Konpliman poutèt ou te resevwa *Kalandriye Patisipasyon Fanmi 2021-2022* an. Nou di w byenveni kòm asosye nan edikasyon pitit ou. Konsa, yo te kreye kalandriye a pou ankouraje patisipasyon fanmi, ogmante konsyantizasyon sou divès gwoup kiltirèl elèv nou yo konstitiye, epi founi enfòmasyon sou kijan pou kreye opòtinite pou pitit ou aprann andeyò lekòl la.

Ou se premye pwofesè, epi pwofesè ki genyen plis enfliyans sou pitit ou. Konsidere pou itilize *Kalandriye Patisipasyon Paran* an pou bati epi ranfòse aptitid pou yo aprann pandan yo lakay yo epi lè y ap fè vire tounen yo. Pwofite pandan travay ak soti oumenm ak pitit ou ap fè ansanm yo pou jwenn "moman favorab pou anseye" yo pandan n ap fè eksperyans toulejou sa yo.

Panse rankontre ak pwofesè pitit ou pou fè sèten pitit ou a ap fè pwogrè akademik adekwa. Pran abitid kontwole pwogrè pitit ou epi chèche èd si w gen enkyetid. Ou kapab tou patisipe nan Komite Lidèchip Paran (*PLC*). *PLC* a bay kontribisyon nan pwogram *ESOL* la, li pèmèt paran yo pale pou lòt moun nan kominote a, epi li ofri fòmasyon ak atelye travay pou paran Elèv k ap Aprann Anglè yo sou diferan fason yo kapab ede pitit yo reyisi. Anplis, kalandriye a bay dat ak lè depatman nou an ofri sware pou paran yo. Epitou, li ofri yon opòtinite pou jwe wòl lidè nan edikasyon pitit ou pandan w ap patisipe nan Konsèy Lidèchip Paran nou an. Tanpri, kontakte Depatman Miltikiltirèl nan 561-434-8620 si w enterese vin patisipe nan *PLC*.

Tanpri, tcheke sit entènèt nou an nan https://www.palmbeachschools.org/departments/multicultural_education pou jwenn plis resous pou paran. Distri a lanse *Parent University* tou, yon resous pou paran sou demand ki disponib nan diferan lang. Tcheke sit entènèt la nan https://www.palmbeachschools.org/parentuniversity. W ap jwenn anpil videyo pou sipòte pitit ou lakay, estrateji devwadmezon, *SAT* ak plis toujou.

Kòm asosye, nou la pou ede w. Mete w alèz pou rele nou si w genyen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Sensèman,

Harvey Oaxaca

F. J. "Harvey" Oaxaca, Direktè
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl
Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

*Johanna Yoch fè ilistrasyon paj Kouvèti a ♦ Desen kouvèti a se koutwazi Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ♦ Terry Cortese konsevwa paj kouvèti a*

Papye ki itilize pou kalandriye sa a te fabrike anba estanda *Sustainable Forest Initiative [SFI]*. Pa gen eleman klorin ladann.

**© 2021 New Learning Concepts, Inc.**

# *Ou Se Premye Pwofesè Pitit Ou!*

- Lè ou ede pitit ou aprann mo yo itilize pi souvan yo, ou ede pitit ou vin yon pi bon lektè.
- Pase kèk minit chak jou pou ede pitit ou aprann mo yo itilize pi souvan yo. Nou repati yo nan tout kalandriye a konsa l ap pi fasil pou ou.
- Fè aprantisaj la agreyab lè ou rekonpanse pitit ou chak fwa li aprann yon nouvo mo.
- Ede pitit ou aprann mo yo pi byen lè l itilize l nan yon fraz, eple l kòrèkteman, oswa fè yon istwa ansanm.

*Aprantisaj Agreyab!*

# Lis mo Dolch yo

## (mo yo itilize pi souvan yo)

### Ranje dapre Frekans ak Nivo Klas

| Matènèl | | |
|---|---|---|
| the | we | jump |
| to | little | away |
| and | down | here |
| a | can | help |
| I | see | make |
| you | not | yellow |
| it | one | two |
| in | my | play |
| said | me | run |
| for | big | find |
| up | come | three |
| look | blue | funny |
| is | red | |
| go | where | |

| Jadendanfan | | |
|---|---|---|
| he | so | saw |
| was | get | well |
| that | like | ran |
| she | this | brown |
| on | will | eat |
| they | yes | who |
| but | went | new |
| at | are | must |
| with | now | black |
| all | no | white |
| there | came | soon |
| out | ride | our |
| be | into | ate |
| have | good | say |
| am | want | under |
| do | too | please |
| did | pretty | |
| what | four | |

| Premye Ane | | |
|---|---|---|
| of | over | going |
| his | just | walk |
| had | from | again |
| him | any | may |
| her | how | stop |
| some | know | fly |
| as | put | round |
| then | take | give |
| could | every | once |
| when | old | open |
| were | by | has |
| them | after | live |
| ask | think | thank |
| an | let | |

| Dezyèm Ane | | |
|---|---|---|
| would | off | pull |
| very | cold | both |
| your | tell | sit |
| its | work | which |
| around | first | read |
| don't | does | why |
| right | goes | found |
| green | write | because |
| their | always | best |
| call | made | upon |
| sleep | gave | these |
| five | us | sing |
| wash | buy | wish |
| or | those | many |
| before | use | |
| been | fast | |

| Twazyèm Ane | | |
|---|---|---|
| if | ten | fall |
| long | bring | carry |
| about | drink | small |
| got | only | own |
| six | better | show |
| never | hold | hot |
| seven | warm | far |
| eight | full | draw |
| today | done | clean |
| myself | light | grow |
| much | pick | together |
| keep | hurt | shall |
| try | cut | laugh |
| start | kind | |

# AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — Rezime Ane a

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 14 OUT

## Kòmanse yon Koleksyon

*Kòmanse yon koleksyon atik ki enpòtan pou fanmi w. Kisa ki enterese fanmi ou? Diskite ide sa ou ta vle kolekte. Ou kapab chwazi kolekte kokiyaj, liv, tenb, chapo, pyès monnen etranje, etc. fè rechèch sou atik ou vle kolekte epi amize w rakonte lòt moun istwa sou koleksyon w! Tcheke sit entènèt sa a pou plis ide:*

*http://www.parents.com/kids/development/intellectual/starting-a-collection/*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 11 SEPTANM

## Koule oswa Flote

*Rasanble objè nan tout kote nan kay la. (Asire w objè ou chwazi yo kapab mouye!). Sèvi ak metòd syantifik: Poze yon kesyon, Kreye yon ipotèz, Teste ipotèz ou, epi tire konklizyon. Èske objè a te flote? Poukisa oswa poukisa non? Ekri sou eksperyans ou.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 9 OKTÒB

## Avyon an Papye

*Fè avyon papye avèk papye bouyon. Gade ki avyon k ap vwayaje pi lwen. Mezire distans lan. Eseye konsevwa yon lòt pou l vole pi lwen. Èske konsepsyon avyon an afekte distans la? Kisa ki fè li ale pi lwen? Ekri sou eksperyans ou.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 13 NOVANM

## Chas Otrezò

*Mache nan katye ou oswa pak la, ki sa ou ka jwenn? Fè yon lis sa ou tande. Fè yon lis sa ou wè. Kategorize sa ou tande ak wè.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 11 DESANM

## Mize Fanmi

*Chak moun nan fanmi an chwazi yon bagay pou yo mete nan mize a. Chak moun ekri siyifikasyon atik la sou yon papye bouyon. Mache nan mize a epi li sa chak moun ekri sou atik pa yo.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 8 JANVYE

## Plezi ak Liy

*Chak moun trase yon liy koub ak yon plim sou yon moso papye. Gade nan liy lan deside ki jan ou kapab fè yon foto soti ladan n. Sèvi ak yon kreyon pou kreye desen ou lan. Epi, ekri yon istwa sou kreyasyon ou. Pataje istwa w la youn ak lòt.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 12 FEVRIYE

## Okès Fanmi

*Kolekte atik nan kay la. Itilize atik sa yo pou kreye enstriman mizik. Travay ansanm pou ekri yon chante.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 12 MAS

## Konstwi yon Bato

*Travay ansanm pou deside ki materyèl pou itilize (kisa ki pral flote?). Kreye yon konsepsyon epi travay ansanm pou bati l. Si li pa mache, fè chanjman pou fè l pi byen. Ekri sou eksperyans ou. Idantifye kisa ki ede l flote.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 9 AVRIL

## Matematik Toupatou

*Youn apre lòt cheche lokalize fòm jewometrik oswa modèl matematik nan kay la. Konbyen ou te jwenn? Ekri sou li. Ou vle franchi yon etap pi lwen? Kijan ou kapab sèvi avèk atik nan kay la pou kreye konsèp matematik. Pa egzanp,* hula hoops (jwèt sèkl) *kapab fòme yon* Venn diagram *oswa ou kapab sèvi ak tranch pitza pou anseye fraksyon. Sa ki pi enpòtan, fè l agreyab!*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 14 ME

## Swiv Lidè a

*Fè wotasyon mache /deplase nan diferan fason. Jwe yon jwèt charad. Fè wotasyon mime mo yo san pale. Gade konbyen tan li pran pou lòt moun devine mo w!*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 11 JEN

## "Kisa w fè nan Travay?"

*Fè pitit ou entèvyouve manm fanmi yo sou travay oswa karyè yo. Ede pitit ou a idantifye teknik yo itilize nan djòb sa yo epi kijan pou devlope lòt teknik pwofesyonèl.*

AKTIVITE POU KONEKSYON FANMI — 9 JIYÈ

## Orè

*Chita nan maten epi diskite kisa ki DWE fèt ak kisa ki amizan pou fè pandan jounen an. Fè ansanm yon orè aktivite chak demi-èdtan pou jounen an. Fè posib pou respekte orè a estrikteman. Epi, eseye kreye yon orè pou yon semèn pou TOUT fanmi an.*

**OUT 2021**

# Ouvèti Lekòl



## BON RETOU! Kòmanse ane lekòl la ak bon ti konsèy sa yo!

**1** **Acha pou ouvèti lekòl!**
Pifò magazen yo gen yon lis materyèl lekòl pitit ou yo ap bezwen achte. Sepandan, si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid sou ki founiti pou genyen, kontakte lekòl pitit ou a.

**2** **Planifye yon orè!**
Fikse yon orè pou fanmi an pou planifye tan pou devwadmezon ak responsablite nan kay la.

**3** **Rezève tan pou amizman!**
Jwèt ak aktivite adisyonèl se yon pati enpòtan nan semèn nan. Pa bliye rezève tan pou yo!

**4** **Rankontre avèk pwofesè yo!**
Planifye yon randevou pou rankontre avèk pwofesè pitit ou. Pataje nenpòt pwoblèm ki kapab gen enpak sou pwogrè akademik pitit ou. Si ou gen difikilte avèk lang Anglè a, sonje pifò lekòl yo gen yon fasilitatè langaj pou kominote a ki kapab entèprete pou ou oswa kontakte Tania Snellenberger nan Depatman Edikasyon Miltikiltirèl nan 561-434-8941 pou asistans. Kreye yon kont Student Information System (SIS) tou pou kontwole nòt, disiplin, prezans pitit ou ak plis! Nou mete plis enfòmasyon konsènan evalyasyon pwogrè pitit ou nan mwa Mas!

**5** **Lekòl enpòtan!**
Fè sèten pitit ou ale lekòl chak jou. Raple pitit ou yo kijan lekòl enpòtan. Si ou di yo sa, yap panse l tou!

**6** **Fè sèten pitit ou ale nan kabann bonè.**
Pitit ou ap byen repose l pou lekòl apre yon bòn nuit somèy. Fè sèten pitit ou manje dejene tou!

**7** **Pou plis resous devlope espesyalman pou paran,**
tcheke lyen sa a: *http://www.parenttoolkit.com/*

**AKTIVITE POU** — **14 OUT**

**KONEKSYON FANMI**

### Kòmanse yon Koleksyon

*Kòmanse yon koleksyon atik ki enpòtan pou fanmi w. Kisa ki enterese fanmi ou? Diskite ide sa ou ta vle kolekte. Ou kapab chwazi kolekte kokiyaj, liv, tenb, chapo, pyès monnen etranje, etc. fè rechèch sou atik ou vle kolekte epi amize w rakonte lòt moun istwa sou koleksyon w! Tcheke sit entènèt sa a pou plis ide:*

*http://www.parents.com/kids/development/intellectual/starting-a-collection/*

# Out

***DUTY/PDD*** Jou Travay Pwofesè / Jou Devlopman Pwofesyonèl - ***Pa Gen Lekòl pou Elèv***

| Dimanch | Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samdi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **funny**<br>K: **he**<br>$1^{ye}$ ane: **thank**<br>$2^{yèm}$ ane: **many**<br>$3^{yèm}$ ane: **laugh** | 9 | 10<br>**Premye Jou Lekòl pou Elèv** | 11 | 12 | 13 | **JOU AKTIVITE** 14<br>**KÒMANSE YON KOLEKSYON** |
| 15<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **three**<br>K: **was**<br>$1^{ye}$ ane: **live**<br>$2^{yèm}$ ane: **wish**<br>$3^{yèm}$ ane: **shall** | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **find**<br>K: **that**<br>$1^{ye}$ ane: **has**<br>$2^{yèm}$ ane: **sing**<br>$3^{yèm}$ ane: **together** | 23 | 24 | 25 | Jounen Egalite pou Fanm 26 | 27 | 28 |
| 29<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **run**<br>K: **she**<br>$1^{ye}$ ane: **open**<br>$2^{yèm}$ ane: **these**<br>$3^{yèm}$ ane: **grow** | 30 | 31 | | | Jiyè 2021<br>D L M X J V S<br>1 2 3<br>4 5 6 7 8 9 10<br>11 12 13 14 15 16 17<br>18 19 20 21 22 23 24<br>25 26 27 28 29 30 31 | Septanm 2021<br>D L M X J V S<br>1 2 3 4<br>5 6 7 8 9 10 11<br>12 13 14 15 16 17 18<br>19 20 21 22 23 24 25<br>26 27 28 29 30 |

**Aktivite nan mwa yo:** **Out** Ouvèti Lekòl; **Septanm** Èd nan Devwadmezon; **Oktòb** Teknoloji Toupatou; **Novanm** Pataj ak Pataj Egal; **Desanm** Li pou Aprann; **Janvye** Ekri pou Aprann; **Fevriye** Fòs Jantiyès; **Mas** Ede Pitit Ou Reyisi nan Lekòl; **Avril** Matematik Toupatou!; **Me** Anrichi Vokabilè Pitit Ou a; **Jen** Evite Fè Bak nan Granvakans yo!; **Jiyè** Kominikasyon avèk Pitit Ou a pou bati fyète li

# SEPTANM 2021

# ÈD NAN DEVWADMEZON



Ofri yon anviwònman òganize pou fè etid nan kay la pi fasil. Travay ansanm ak pitit ou pou fikse yon tan regilye ak yon plas espesifik trankil pou etidye.

**Ankouraje pitit ou pote nòt klas lakay li kòm yon pati nan preparasyon pou aprantisaj lakay.**

Tande, li, ak pale ak pitit ou sou travay lekòl la. Montre ou enterese, sa sèlman kapab ede amelyore nòt pitit ou!

**Atann gen devwa chak swa. Nan yon sware okazyonèl lè yo pa bay devwadmezon, li yon liv enteresan se yon bon opsyon.**

Reponn kesyon epi mande enfòmasyon sou materyèl pitit ou a ap etidye, men pa fè devwa a pou yo.

**Pou konn dat ak ki kote reyinyon ak fòmasyon Konsèy sou Lidèchip pou Paran yo ap fèt (Parent Leadership Council ''PLC"), tanpri kontakte lekòl pitit ou a.**

## Bezwen plis èd avèk devwadmezon?

1. Kontakte pwofesè pitit ou oswa konseye lekòl la pou detèmine si genyen asistans apre lekòl.
2. Ou kapab jwenn èd ak devwadmezon *nan bibliyotèk la*. Pwofesè leson patikilye sètifye ede avèk matematik, syans, syans sosyal, ak kominikasyon ekri. Se pou klas K - 12, entwodiksyon pou kolèj, ak etidyan adilt. Enskri pou yon kat bibliyotèk gratis.

   *Tcheke sit entènèt yo nan:*
   **http://www.pbclibrary.org/kids-and-teens/kids**

**AKTIVITE POU** **11 SEPTANM**

**KONEKSYON FANMI**

### Koule oswa Flote

*Rasanble objè nan tout kote nan kay la. (Asire w objè ou chwazi yo kapab mouye!). Sèvi ak metòd syantifik: Poze yon kesyon, Kreye yon ipotèz, Teste ipotèz ou, epi tire konklizyon. Èske objè a te flote? Poukisa oswa poukisa non? Ekri sou eksperyans ou.*

# Septanm

***DUTY/PDD*** Jou Travay Pwofesè / Jou Devlopman Pwofesyonèl - ***Pa Gen Lekòl pou Elèv***

| Dimanch | Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samdi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Out 2021<br>D L M X J V S<br>1 2 3 4 5 6 7<br>8 9 10 11 12 13 14<br>15 16 17 18 19 20 21<br>22 23 24 25 26 27 28<br>29 30 31 | Oktòb 2021<br>D L M X J V S<br>1 2<br>3 4 5 6 7 8 9<br>10 11 12 13 14 15 16<br>17 18 19 20 21 22 23<br>24 25 26 27 28 29 30<br>31 | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **play**<br>K: **on**<br>1ye ane: **once**<br>2yèm ane: **upon**<br>3yèm ane: **clean** | 6<br>Fèt Travay<br>Kòmansman<br>*Rosh Hashanah*<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 7<br>Fèt Endepandan Brezil<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 8 | 9 | 10 | 11<br>**JOU AKTIVITE**<br>Fèt Patriyòt<br>**KOULE OSWA FLOTE** |
| 12<br>Jou Granparan<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **two**<br>K: **they**<br>1ye ane: **give**<br>2yèm ane: **best**<br>3yèm ane: **draw** | 13 | 14 | 15<br>Mwa Eritaj Panyòl Kòmanse<br>Jou Endepandans Guatemala<br>Kòmansman<br>*Yom Kippur* | 16<br>Fèt Endepandans Meksik<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 17 | 18 |
| 19<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **make**<br>K: **at**<br>1ye ane: **fly**<br>2yèm ane: **found**<br>3yèm ane: **hot** | 20 | 21 | 22<br>Premye Jou Otòn | 23 | 24<br>Fèt Natif Ameriken | 25 |
| 26<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **help**<br>K: **our**<br>1ye ane: **round**<br>2yèm ane: **wish**<br>3yèm ane: **far** | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

**Aktivite nan mwa yo:** **Out** Ouvèti Lekòl; **Septanm** Èd nan Devwadmezon; **Oktòb** Teknoloji Toupatou; **Novanm** Pataj ak Pataj Egal; **Desanm** Li pou Aprann; **Janvye** Ekri pou Aprann; **Fevriye** Fòs Jantiyès; **Mas** Ede Pitit Ou Reyisi nan Lekòl; **Avril** Matematik Toupatou!; **Me** Anrichi Vokabilè Pitit Ou a; **Jen** Evite Fè Bak nan Granvakans yo!; **Jiyè** Kominikasyon avèk Pitit Ou a pou bati fyète li

**OKTÒB 2021**

# TEKNOLOJI toupatou!

Teknoloji se yon gwo pati nan lavi nou. Yo bay Evalyasyon Estanda Florid la *Florida Standards Assessment (FSA)* sou òdinatè. Si ou pa gen yon odinatè, konsidere vizite yon bibliyotèk avèk pitit ou. Avèk aksè nan teknoloji, pitit ou a kapab ogmante kapasite l nan aprantisaj. Sonje, toujou pratike sekirite sou entènèt avèk pitit ou si ou gen yon òdinatè lakay ou, asire w li nan yon pozisyon santral, pou kapab kontwole sa kap pase.



## Resous sou entènèt:

**School District of Palm Beach County -**
*https://palmbeachschools.org/students_parents/parent_university/learning_at_home*
*https://www.palmbeachschools.org/departments/multicultural_education*

**Fun Brain -** *https://www.funbrain.com/books*
**Discovery Kids -** *http://discoverykids.com/*
**National Geographic Kids -** *https://kids.nationalgeographic.com/*
**Scholastic at Home -** *http://www.scholastic.com/home/*
**Kid Sites -** *http://www.kidsites.com/sites-edu/science.htm*
**Weather Wiz Kids -** *http://www.weatherwizkids.com/*
**Wonderopolis -** *http://wonderopolis.org/*
**Starfall -** *http://www.starfall.com/*
**KHAN Academy -** *https://www.khanacademy.org/*

**AKTIVITE POU** **9 OKTÒB**

**KONEKSYON FANMI**

### Avyon an Papye

*Fè avyon papye avèk papye bouyon. Gade ki avyon k ap vwayaje pi lwen. Mezire distans lan. Eseye konsevwa yon lòt pou l vole pi lwen. Èske konsepsyon avyon an afekte distans la? Kisa ki fè li ale pi lwen? Ekri sou eksperyans ou.*

# Oktòb

***DUTY/PDD*** Jou Travay Pwofesè / Jou Devlopman Pwofesyonèl - *Pa Gen Lekòl pou Elèv*

| Dimanch | Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samdi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Septanm 2021<br>D L M M J V S<br>1 2 3 4 5 6 7<br>8 9 10 11 12 13 14<br>15 16 17 18 19 20 21<br>22 23 24 25 26 27 28<br>29 30 | Novanm 2021<br>D L M M J V S<br>1 2<br>3 4 5 6 7 8 9<br>10 11 12 13 14 15 16<br>17 18 19 20 21 22 23<br>24 25 26 27 28 29 30 | | | | 1 | 2 |
| 3<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **here**<br>K: **all**<br>1ye ane: **may**<br>2yèm ane: **read**<br>3yèm ane: **own** | 4<br>Fèt Sante pou Timounc | 5 | 6 | 7 | 8 | 9<br>**JOU AKTIVITE**<br>**AVYON AN PAPYE** |
| 10<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **away**<br>K: **there**<br>1ye ane: **again**<br>2yèm ane: **which**<br>3yèm ane: **small** | 11<br>Fèt Christòf Kolon | 12 | 13 | 14<br>**Fen 1ye Peryòd** | 15<br>***DUTY/PDD***<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 16 |
| 17<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **jump**<br>K: **out**<br>1ye ane: **walk**<br>2yèm ane: **sit**<br>3yèm ane: **carry** | 18<br>**2yèm Peryòd Kòmanse** | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>K: **be**<br>2yèm ane: **both**<br>Matènèl: **where**<br>1ye ane: **going**<br>3yèm ane: **fall**<br><br>31 *Halloween*<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>K: **into**<br>2yèm ane: **been**<br>Matènèl: **for**<br>1ye ane: **were**<br>3yèm ane: **much** | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

**Aktivite nan mwa yo:** **Out** Ouvèti Lekòl; **Septanm** Èd nan Devwadmezon; **Oktòb** Teknoloji Toupatou; **Novanm** Pataj ak Pataj Egal; **Desanm** Li pou Aprann; **Janvye** Ekri pou Aprann; **Fevriye** Fòs Jantiyès; **Mas** Ede Pitit Ou Reyisi nan Lekòl; **Avril** Matematik Toupatou!; **Me** Anrichi Vokabilè Pitit Ou a; **Jen** Evite Fè Bak nan Granvakans yo!; **Jiyè** Kominikasyon avèk Pitit Ou a pou bati fyète li

NOVANM 2021

# PATAJ ak pataj egal



Aksyon pataj kreye lyen ant moun epi sa anseye enpòtans sakrifis. Aksyon pataj ede nou tou devlope dinamik sosyal enpòtan tankou jenewozite, respè, sansiblite ak sakrifis. Eseye kèk nan konsèy sa yo pou ede pitit ou aprann enpòtans aksyon pataj:

**Bay tan pou fanmi ou pataje repa ansanm.**

**Pataje santiman w ak pitit ou.**

**Ankouraje pitit ou a pataje santiman li avèk ou.**

**Konsidere pataje tan ansanm ak fanmi w ak òganizasyon kominotè oswa pwojè pou sèvis.**

**Konsidere fè fanmi w pataje resous yo ak moun ki nan bezwen.**

**Pataje istwa ak pitit ou diran manje midi oswa avan li ale dòmi. Pale de liv ou prefer.**

**Pou plis resous, vizite *http://www.fldoe.org/schools/family-community/activities-programs/parental-involvement/***

AKTIVITE POU 13 NOVANM

KONEKSYON FANMI

## Chas Otrezò

*Mache nan katye ou oswa pak la, ki sa ou ka jwenn? Fè yon lis sa ou tande. Fè yon lis sa ou wè. Kategorize sa ou tande ak wè.*

# Novanm

***DUTY/PDD*** Jou Travay Pwofesè / Jou Devlopman Pwofesyonèl - ***Pa Gen Lekòl pou Elèv***

| Dimanch | Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samdi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1<br>Fèt Latousen | 2<br>Fèt Dèmò<br>Jounen Eleksyon | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7<br>Fen Jou Pwolonje yo<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **red**<br>K: **have**<br>1ye ane: **let**<br>2yèm ane: **pull**<br>3yèm ane: **kind** | 8 | 9 | 10<br>**Fen 1ye Trimès pou Elemantè** | 11<br>Fèt Veteran<br>Jounen Amnisti<br>***DUTY/PDD***<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 12<br>**Kòmansman 2yèm Trimès pou Elemantè** | 13<br>**JOU AKTIVITE**<br>**CHAS OTREZÒ** |
| 14<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **blue**<br>K: **am**<br>1ye ane: **think**<br>2yèm ane: **fast**<br>3yèm ane: **cut** | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **come**<br>K: **do**<br>1ye ane: **after**<br>2yèm ane: **use**<br>3yèm ane: **hurt** | 22<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 23<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 24<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 25<br>Fèt Aksyon Degras<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 26<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 27 |
| 28<br>Kòmansman *Hanukkah*<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **big**<br>K: **did**<br>1ye ane: **by**<br>2yèm ane: **those**<br>3yèm ane: **pick** | 29 | 30 | | | Oktòb 2021<br>D L M X J V S<br>1 2<br>3 4 5 6 7 8 9<br>10 11 12 13 14 15 16<br>17 18 19 20 21 22 23<br>24 25 26 27 28 29 30<br>31 | Diciembre 2021<br>D L M X J V S<br>1 2 3 4<br>5 6 7 8 9 10 11<br>12 13 14 15 16 17 18<br>19 20 21 22 23 24 25<br>26 27 28 29 30 31 |

**Aktivite nan mwa yo:** **Out** Ouvèti Lekòl; **Septanm** Èd nan Devwadmezon; **Oktòb** Teknoloji Toupatou; **Novanm** Pataj ak Pataj Egal; **Desanm** Li pou Aprann; **Janvye** Ekri pou Aprann; **Fevriye** Fòs Jantiyès; **Mas** Ede Pitit Ou Reyisi nan Lekòl; **Avril** Matematik Toupatou!; **Me** Anrichi Vokabilè Pitit Ou a; **Jen** Evite Fè Bak nan Granvakans yo!; **Jiyè** Kominikasyon avèk Pitit Ou a pou bati fyète li

# DESANM 2021

# LI pou APRANN!



## Pou Fè, Jodi a!

Fè pitit ou a kreye yon tablo kote li fè yon lis aktivite ak travay nan kay la pou semèn nan. Kite plas pou w tcheke tach li akonpli yo.

## Siy nan Lari yo

Siy yo fasil pou rekonèt epi yo itilize mo ki komen. Pi gran timoun yo ap renmen li tablo afichaj, distans ant vil yo, oswa non biznis yo.

## Liv Kuizin

Pitit ou a kapab li resèt la pandan w ap prepare yon pla. Konsidere ede timoun pi gran yo prepare pwòp resèt yo pou kreye yon repa.

## Kisa nou pral manje pou dine?

Ale manje deyò? Fè pitit ou a li, epi fè chwa nan meni restoran an. Rete lakay ou? Kite pitit ou kreye yon meni pou dine aswè a. Amize w nan prepare manje a ansanm.

## Liv Tout kote

Mete apa yon plas pou materyèl lekti pitit ou a sèlman. Fè pitit ou a dekore plas la epi òganize liv yo nan lòd alfabetik. Pi gran timoun kapab òganize liv yo pa kategori tankou fiksyon, istwa reyèl, biyografi, pwezi, elatriye.

## Vizite yon magazen

Fè pitit ou a ekri lis pwovizyon ou dikte l la. Nan episri a, kite pitit ou jwenn atik ki nan lis la.

## Jounal

Li jounal, magazen oswa bilten kominotè regilyèman avèk pitit ou a. Èske pitit ou a renmen komik yo? Nan ka sa a, envite pitit ou yo kreye pwòp komik pa yo! Pi gran timoun kapab kreye pwòp bilten pou fanmi yo pou yo kapab pataje avèk granparan oswa lòt manm fanmi k ap viv byen lwen yo.

## Mize Trezò

Ede pitit ou òganize yon ekspozisyon atik oswa jwèt li prefere yo. Fè pitit ou a ekri yon deskripsyon sou chak atik ak poukisa li enpòtan. Chwazi kèk nan atik ou pi renmen nan kay la epi ekri poukisa yo enpòtan. Apre, pataje istwa youn ak lòt. Èske ou vle ale yon etap pi lwen? Vizite mize a ak pitit ou. Pou plis enfòmasyon, kontakte Mize *Norton* nan *www. norton.org*. Admisyon gratis pou piblik la nan vandredi ak samdi.

## Moman pou istwa

Li pou pitit ou oswa fè l li pou ou anvan la l dòmi, apre lekòl oswa nenpòt ki lè.

AKTIVITE POU **11 DESANM**

**KONEKSYON FANMI**

### Mize Fanmi

*Chak moun nan fanmi an chwazi yon bagay pou yo mete nan mize a. Chak moun ekri siyifikasyon atik la sou yon papye bouyon. Mache nan mize a epi li sa chak moun ekri sou atik pa yo.*

# Desanm

***DUTY/PDD*** Jou Travay Pwofesè / Jou Devlopman Pwofesyonèl - ***Pa Gen Lekòl pou Elèv***

| Dimanch | Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samdi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Novanm 2021<br>D L M X J V S<br>1 2 3 4 5 6<br>7 8 9 10 11 12 13<br>14 15 16 17 18 19 20<br>21 22 23 24 25 26 27<br>28 29 30 | Janvye 2022<br>D L M X J V S<br>1<br>2 3 4 5 6 7 8<br>9 10 11 12 13 14 15<br>16 17 18 19 20 21 22<br>23 24 25 26 27 28 29<br>30 31 | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **one**<br>K: **get**<br>1ye ane: **take**<br>2yèm ane: **gave**<br>3yèm ane: **full** | 6 | 7<br>Fèt *Guatemala* | 8 | 9 | 10 | **JOU AKTIVITE** 11<br>**MIZE FANMI** |
| 12<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **not**<br>K: **like**<br>1ye ane: **put**<br>2yèm ane: **made**<br>3yèm ane: **warm** | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **help**<br>K: **with**<br>1ye ane: **stop**<br>2yèm ane: **why**<br>3yèm ane: **show** | 20 | 21<br>Premye Jou Ivè | 22<br>**Fen 2yèm Peryòd**<br>**Fen 1ye Semès** | 23<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 24<br>Lavèy Nowèl<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 25<br>Fèt Nowèl |
| 26<br>*Kwanzaa* Kòmanse<br>*Mo pou Semèn nan:*<br>Matènèl: **my**<br>K: **so**<br>1ye ane: **every**<br>2yèm ane: **us**<br>3yèm ane: **done** | 27<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 28<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 29<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 30<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | 31<br>Lavèy Nouvèl An<br>**Pa Gen Lekòl pou Elèv** | |

**Aktivite nan mwa yo:** **Out** Ouvèti Lekòl; **Septanm** Èd nan Devwadmezon; **Oktòb** Teknoloji Toupatou; **Novanm** Pataj ak Pataj Egal; **Desanm** Li pou Aprann; **Janvye** Ekri pou Aprann; **Fevriye** Fòs Jantiyès; **Mas** Ede Pitit Ou Reyisi nan Lekòl; **Avril** Matematik Toupatou!; **Me** Anrichi Vokabilè Pitit Ou a; **Jen** Evite Fè Bak nan Granvakans yo!; **Jiyè** Kominikasyon avèk Pitit Ou a pou bati fyète li

# JANVYE 2022

# Ekri pou aprann



## Voye yon Souwè:

Konpoze ak pitit ou yon lèt oubyen kreye yon kat souwè pou sezon fèt. Granparan ak lòt fanmi ap renmen resevwa kat pitit ou fè limenm.

## Envantè jwèt:

Fè yon lis tout bagay ki nan chanm pitit ou a , ap bay pitit ou yon sans responsablite pou byen li posede.

## Mesaj Telefòn:

Pran non ak nimewo telefòn pandan w pa disponib pral ede pitit ou santi l itil.

## Esplikasyon Adrès:

Mande pitit ou ekri deskripsyon wout li fè pou ale lekòl epi retounen lakay li, ale kay yon zanmi oswa nan magazen.

## Lis Episri:

Kòmanse avèk atik pitit ou vle achte, epi gradyèlman fè pitit ou ekri lis pwovizyon yo tout antye. Yon fwa ou nan episri a, mande pitit ou a tcheke tout atik ki achte yo.

## Kritik epizòd Televizyon:

Fè pitit ou ekri nan pwòp mo opinyon l sou yon pwogram televizyon. Asire w pwogram nan apwopriye pou pitit ou a.

## Kat postal ak Imèl:

